



Kòd Konduit ak Etik nan Medline

Kilti nou se reyisit nou

Kontni

Lèt PDJ a ak Chèf Konfòmite a ekri	ii
Kòd Konduit ak Etik Nou	iii
Dwa ak Obligasyon pou Rapòte Move Konduit	iv
Politik kont Vanjans	v

01 Entegrite

Repitasyon ak Angajman Nou konsènan Konduit Etik ak Pratik Ekitab	2
Rapò Finansyè ak Kontabilite	2
Faktirasyon Presi, Faktirasyon ak Dokimantasyon	3
Enfòmasyon Konfidansyèl ak Deli Dinisye	3
Konfli Enterè	4
Opòtinite Antrepriz	4
Konduit Konkiransyèl	4
Peman Ilisit	5
Komès Entènasyonal	5
Pratik Maketing	5
Kominikasyon Ekstèn	6
Konfidansyalite Done	6
Sibèsekirite	6
Rezo Sosyal	7
Entèlijans Atifisyèl	7
Jesyon Enfòmasyon ak Dosye	7

02 Ekselans

Angajman Nou	9
Sekirite Pasyan yo	9
Kalite Pwodui ak Sèvis	10
Konfòmite ak Règleman yo	10
Pwoteksyon Aktif yo	11
Pwopriyete Entèlektyèl	11
Jesyon Risk	11

03 Kominote

Devouman Nou	13
Travay ann Ekip	13
Fòmasyon Anplwaye	13
Yon Anviwònman Travay ki San Danje e ki Bon pou Sante Tout Moun	13
Enpòtans Kliyan yo	14
Vandè ak Distribitè	14
Santiman Apatenans	14
Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon	15
Rezilyans Klimatik ak Aksyon Anviwònmantal	15
Dwa Moun ak Seleksyon Responsab Founisè yo	15
Don Charite	16
Angajman Politik ak Politik	16
Responsablite Antrepriz	16

04 Resous Konpayi

Enfòmasyon Kontak Siplemanntè	18
-------------------------------	----

Lèt PDJ a ak Chèf Konfòmite a ekri



Jim Boyle
Direktè Jeneral



Erik Johansen
Chèf Konfòmite

Nan Medline, nou founi pwodui mediko-chirijikal ansanm ak solisyon jesyon chèn apwovizyonman yo nan tout pwen pou swen yo. Apwòch global nou an ede nou abòde defi ki vin deplizanpli konplèks ke rezo divèsifye kliyan nou toupatou nan mond lan ap afwonte yo.

Soti nan klinik doktè ak sant chiriji rive nan lopital ak etablisman ki founi swen akoutèm apre egzayat, **We Make Healthcare Run Better.**

Depi lè nou te kòmanse avèk mwayen modès nan yon ti biwo toupri Chicago nan lane 1966, Medline vin evolye an yon antrepriz mondyal premye plan, ki ofri plis pase 300,000 pwodui swen sante ansanm ak divès kalite sèvis. Chak jou, 43,000 anplwaye nou yo ki nan plis pase 100 peyi ak teritwa kontribye nan amelyore fonksyonman sistèm swen sante a nan jenere meyè rezilta klinik, finansye ak operasyonèl. Gen anpil bagay ki chanje pandan pakou istorik nou, men sa ki pa chanje e ki kontinye estimile kwasans ak reyisit konpayi an se: kilti nou.

Kilti entegrite, ekselans ak kominote ki pwofon e dirab nou an se youn nan pi gwo faktè ki rann nou diferan. Se sa ki rive mennen Medline kote nou ye jodi a, e se sa k ap pèmèt nou rete sou bon chimen an pou ane k ap vini yo. Sa ede nou konprann ke relasyon nou yo konstwi sou konfyans, repitasyon nou ofri opòtinite e ke nou dwe genyen dwa pou n desèvi kliyan nou yo chak grenn jou.

Kòd Konduit ak Etik sa a reflète kilti nou lè li egzije nou pou n toujou **aji avèk entegrite**, pou pwòp tèt nou, pou repitasyon Medline ak pou otonomizasyon kliyan nou yo; **pou n priyoreze ekselans** nan tout sa n ap fè, kit se nan pòtfolyo pwodui klas mondyal nou an, chèn apwovizyonman nou an k ap mennen sou mache a, solisyon klinik nou yo oswa nan travay kotidyen nou; epi **pou n konsantre n sou desèvi kominote nou an**, ki gen ladan l kòlèg nou yo, kliyan nou yo ansanm ak mond ki antoure nou an.

Mèsi dèske w pran tan w pou w li epi konprann dokiman enpòtan sa a. Nou atann nou aske l ap pèmèt ou pi byen konprann biznis nou pou n kapab pouswiv kwasans ak reyisit. Pandan istwa nou an rete ekstrawòdinè jiskaprezan, avni nou parèt pi bèl toujou.

Kòd Konduit ak Etik Nou

Nan Medline, Kòd Konduit ak Etik nou an (“Kòd” nou) pa yon senp dokiman—li defini kiyès nou ye. Li enfòm kliyan nou yo, kominote nou yo ak chak grenn nan nou kisa pou nou atann de Medline. Li sèvi nou tou kòm gid pou pèmèt nou pran desizyon etik nan entèraksyon kotidyen nou yo. Li ranfòse kilti nou epi li fasonnen reyisit fiti nou pandan l ap defini angajman nou genyen an komen parapò ak nòm ki pi elve yo nan sa ki gen pou wè ak konduit pwofesyonèl.

Kòd nou an aplike yon fason ekitab pou tout moun nan Medline, kote li kouvri tout nivo anplwaye nou yo, dirijan nou yo, direktè nou yo ansanm ak kontraktè endepandan nou yo k ap travay nan antrepiz mondyal nou an (“Moun ki Konsène yo”). Epitou, nou atann nou aske kliyan nou yo, vandè nou yo ansanm ak lòt patnè nou yo pataje menm angajman nou an vizavi prensip direktè sa yo. Grasa plizyè dizèn ane travay san pran souf ak devouman nou nan valè nou eksplike nan Kòd nou an, Medline te rive devlope yon konfyans san parèy avèk kliyan nou yo, kòlèg nou yo ansanm ak kominote nou yo—e se tout sa yo ki pèmèt nou rive bati repitasyon kredib e fyab ke n ap jwi jounen jodi a. Sila nan konpayi nou an ki gen wòl pou dirije lòt moun yo okipe yon pòs responsablite espesyal kote yo dwe sèvi kòm egzanp pou demontre an pratik, vrè siyifikasyon Kòd nou an, pandan y ap etabli ton an pou plizyè dizèn ane reyisit k ap vini yo. Nan ka direktè ki pa anplwaye nou yo, y ap gen pou yo konfòme yo ak Kòd la an fonksyon de dispozisyon Sètifika konstitisyon Medline lan, Règleman administratif yo ak tout akò aksyonè yo avèk konpayi an.



Dwa ak Obligasyon pou Rapòte Move Konduit

Kreye yon kilti kote nou tout nou santi nou alèz pou n eksprime enkyetid nou se priyorite nou. Medline etabli yon anviwònman ki ouvè epi ki bay moun libète pou yo pale kote Moun ki Konsène yo, san yo pa bezwen pè pou moun pa vanje kont yo, gen dwa ak obligasyon pou yo rapòte tout konduit yo panse ki pa konfòm ak Kòd la, ak politik oswa pwosedi Medline yo oswa ak nenpòt lwa ki aplikab. Tout dirijan Medline yo gen responsablite pou yo favorize yon anviwònman kote tout anplwaye santi yo alèz pou yo poze kesyon oswa eksprime enkyetid yo.

Si gen yon bagay ki sanble li pa fin twò kòrèk oswa si w okouran de yon move konduit potansyèl, li enpòtan pou w kontakte responsab ou a, yon lòt responsab, Office of Ethics & Compliance lan (Biwo Etik ak Konfòmite) oswa Resous Imèn. Moun ki Konsène yo dwe rapòte tout enkyetid oswa kesyon yo genyen, tankou tout sa ki gen rapò ak kontabilite, kontwòl kontabilite entèn oswa odit, konduit ki pa konfòm avèk Kòd sa a, tout politik Medline oswa tout lwa, bay konpayi an lè yo itilize enfòmasyon kontak ki endike annapre yo.

Tout Moun ki Konsène dwe, san pèdi tan, rapòte bay konpayi an tout ka kote yo sispèk gen yon konduit ki pa konfòm ak Kòd sa a, ak tout politik oswa pwosedi Medline yo oswa ak nenpòt lwa ki aplikab la, règ, oswa règlemantasyon ki aplikab pou Medline. Ou dwe rapòte tout konduit ki ka petèt pa konfòm ak Kòd la, ak politik oswa pwosedi Medline yo oswa ak nenpòt lwa ki aplikab la defason responsab e de bòn fwa. Piga rapòte akizasyon ki vize pou asele yon lòt moun, ki baze sou opinyon sèlman oswa ki de nati san enpòtans.

Ou ka rapòte enkyetid ou genyen yo defason anonim si w nan yon peyi ki otorize rapò anonim. Nan nivo sa posib, Medline pral kenbe enfòmasyon w rapòte yo konfidansyèl epi l ap konfòme li avèk nòm sou konfidansyalite done ki aplikab yo.

Medline egzamine tout rapò konsènan move konduit yo san pèdi tan epi, lè sa apwopriye, li mennen envestigasyon sou yo. Li posib pou yo poze w kesyon ki gen rapò ak yon ankèt menm si w pa t rapòte anyen. Nou atann nou aske tout moun nou mande patisipe yo kowopere totalman e sensèman nan kad nenpòt ankèt ki lye ak yon move konduit yo rapòte.

Medline ka pran nenpòt mezi ke li jije ki nesèsè pou korije nenpòt ka vyolasyon oswa non konfòmite ak Kòd sa a, mezi sa a ka gen ladan l men li pa limite sèlman ak sa yo, revoke yon anplwaye oswa mande yon direktè pou l demisyone, ak/oswa rekòmande pou yo pa re-eli yon direktè nan Konsèy Administrasyon an.

Kontak	Enfòmasyon
Chief Compliance Officer	Telefòn: +1 847-949-5500 epi mande pou pale ak Office of Ethics & Compliance lan Pa Lapòs: Medline Inc., 3 Lakes Drive, Northfield, IL 60093 USA
Office of Ethics & Compliance	Imèl: ComplianceOffice@medline.com
Medline's Ethics & Compliance Reporting Line	Sitwèb: https://medline.ethicspoint.com 
Additional Ethics & Compliance Reporting Line Detail	Kowòdone: Ale nan paj 19 pou jwenn yon lis konplè enfòmasyon kontak entènasyonal yo, ki gen ladan l nimewo telefòn lokal yo.

Resous

Enterprise Policy: Internal Investigations

Enterprise Procedure: Conducting Internal Investigations



Politik kont Vanjans

Medline pa tolere vanjans sou okenn fòm. Medline entèdi tout fòm vanjans kont nenpòt moun ki rapòte, de bòn fwa nenpòt enkyetid ki lye ak konfòmite, etik oswa enkyetid ki gen nati jiridik. Nenpòt moun ki vanje kont yon moun ki fè yon rapò konsa de bòn fwa oswa ki refize kolabore nan nenpòt aspè nan yon ankèt entèn ka sibi mezi disiplinè, ki ale jiska epi ki gen ladan l revokasyon. Politik Antrepriz sa a aplike pou tout anplwaye, responsab, direktè Medline yo ansanm ak tout tyès pati k ap fè biznis nan non Medline.

Vanjans se lè yo trete yon moun defason diferan akòz li te rapòte yon move konduit de bòn fwa, li te souleve yon enkyetid, li te patisipe nan yon ankèt oswa akòz li te sipòte yon lòt moun ki pran mezi sa yo. Li gen ladan l pinisyon ki parèt evidan, tankou revoke oswa bese grad yon moun, men li ka prezante tou sou fòm move tretman ki pa evidan, tankou transfere yon moun, ekskli li nan aktivite oswa reyinyon ki lye ak travay la, ba li evalyasyon ki pa egzat oswa deziyen l pou tach ki mwens dezirab.

01 Entegrite

Kilti entegrite nou an entegre nan tout sa n ap fè. Entegrite a ban nou jarèt pou n kapab dirije avèk repitasyon nou ak valè nou yo.



Repitasyon ak Angajman Nou konsènan Konduit Etik ak Pratik Ekitab

Depi lè nou fonde nan lane 1966, nou fyè pou n kenbe pwomès nou yo epi nou kontinye ap konstwi epi ranfòse repitasyon nou atravè onètete ak konfyans. Nou pa fè move enfliyans sou pyès lòt moun ni nou pa kite yo fè move enfliyans sou nou nonplis. Nou kiltive respè. Nou gen yon panchan pou aksyon. Epi nou konpòte nou defason dirèk, lib e onèt.

Nou toujou eseye aji defason ekitab avèk kliyan nou yo, founisè nou yo, konkiran nou yo ansanm ak kòlèg nou yo. Nou pa pran avantaj sou pyès moun nan manipile, kache, abize enfòmasyon privilejye, nan defòme enfòmasyon enpòtan yo ni nan okenn lòt pratik ki pa jis. Nou pran angajman pou n, epi nou atann nou aske tout anplwaye nou yo, responsab nou yo ak direktè nou yo respekte nòm etik ki pi elve yo epi pou n konfòme nou avèk tout lwa, règ ak règleman gouvènmantral ki aplikab yo.

Repitasyon nou reflekte konduit etik, konpòtman legal ansanm ak gwo travay chak grenn anplwaye, responsab ak direktè Medline yo ap fè toupatou nan mond lan.

Rapò Finansyè ak Kontabilite

Nou mentni liv ak dosye ki klè, konplè epi ki egzat. Nou konsève dosye nou yo konfòmman ak tout prensip kontab ki aplikab yo epi yo sijè a odit endepandan. Nou mentni tout dokimantasyon ki nesè pou n kapab asire egzaktitid ak entegralite chak ekriti kontab ak finansyè. Tout anplwaye Medline yo gen kòm wòl pou asire yo ke liv ak rejis nou yo egzat e konplè, e sa gen ladan tou asire yo ke yo konfòm ak tout politik, pwosedi ak kontwòl entèn ki aplikab yo. Menm nòm entegrite ki aplike pou elaborasyon eta finansye nou yo ansanm ak zouti jesyon konèks yo aplike tou pou rapò finansyè ekstèn nou yo. Epi tou, nou gen responsablite pou n kominike defason klè, presi e onèt enfòmasyon konsènan biznis nou an bay tout pati konsène nou yo. Enfòmasyon nou divilge nan rapò ekstèn nou yo ak nan deklarasyon gouvènmantral ak règlemantrè nou yo, ki enkli enfòmasyon nou depoze nan oswa soumèt bay Komisyon Sekirite ak Echanj lan, ak nan lòt kominikasyon piblik n ap fè yo dwe konplè, san patipri, egzat, ponktyèl epi yo dwe konpreyansib.



Faktirasyon Presi, Faktirasyon ak Dokimantasyon

Nou pran angajman pou soumèt faktirasyon presi bay kliyan nou yo ansanm ak fòmilè reklamasyon bay gouvènman an ak bay lòt antite k ap peye plan sante yo. Nou pa prezante fo enfòmasyon ni enfòmasyon ki vize pou twonpe moun pou n kapab resevwa peman nan men gouvènman an. Nou pa prezante fo enfòmasyon ki ta ka pouse yon kliyan pou l soumèt fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki vize pou twonpe moun nan objektif pou resevwa peman nan men gouvènman an. Nou prepare tout fakti yo ansanm ak fòmilè reklamasyon faktirasyon yo defason ponktyèl e egzat epi nou mentni tout dokimantasyon jistifikatif ki egzijib yo. Nou ranbouse san pèdi tan tout sipli peman nou rive idantifye.

Enfòmasyon Konfidansyèl ak Deli Dinisye

Nou pwoteje tout enfòmasyon enpòtan e konfidansyèl Medline yo ke nou pa divilge bay piblik la, tankou enfòmasyon finansyèl, estratejik ak enfòmasyon sou pwodui, ansanm ak enfòmasyon konfidansyèl ke kliyan Medline yo konfyè l yo. Yo rele enfòmasyon sa yo enfòmasyon “entèn” oswa “non-piblik” epi yo kapab gen anpil enpòtans pou lòt moun, pami yo, pou konkiran nou yo; divilgasyon jan de enfòmasyon sa yo ka nwizib pou Medline oswa pou kliyan l yo. Yon enfòmasyon entèn oswa non-piblik “enpòtan” si yon moun rezonab t ap petèt konsidere li enpòtan pou li pran yon desizyon konsènan si l ap achte, vann oswa mentni aksyon nan yon konpayi, oswa si li rezonab pou nou ta ka atann nou aske enfòmasyon sa a afekte pri mache sekirite konpayi an. Yo ka konsidere ni enfòmasyon pozitif ni enfòmasyon negatif yo kòm enfòmasyon ki enpòtan.

Egzanp enfòmasyon entèn oswa non-piblik ki enpòtan yo se enfòmasyon konsènan yon pwopozisyon pou fizyon oswa akizisyon, oswa lòt tranzaksyon enpòtan; chanjman nan lidèchip kle konpayi an, tankou yon PDJ; estimasyon sou revni oswa lòt enfòmasyon finansyèl; gwo ensidan ki lye ak sibèsekirite; rapèl pwodui; gwo devlopman oswa inovasyon pwojè, pwodui, teknoloji oswa pwopriyete entèlektiyèl; gen oswa pèt yon kliyan oswa founisè enpòtan; ansanm ak devlopman konsènan gwo litij oswa ankèt gouvènman.

Tout pandan peryòd y ap egzèse travay yo a, Moun ki Konsène yo ka vin konnen enfòmasyon entèn oswa non-piblik ki enpòtan konsènan Medline oswa lòt antite Medline ap fè biznis ak yo, tankou kliyan, founisè ak vandè, ansanm ak antite ke Medline ka petèt ap negosye yon tranzaksyon ak yo (tankou yon akizisyon, investisman oswa yon vant aktif). Kèlkeswa moun ki gen aksè ak enfòmasyon entèn oswa non-piblik ki enpòtan yo, pa dwe pataje yo avèk lòt moun, li pa dwe itilize yo pou pwofwi pèsònèl ni li pa dwe negosye tit konpayi sa a pwiske sa vyole lwa sou deli dinisye yo ansanm ak Politik sou Deli Dinisye nou an.

Yo pa dwe konsidere okenn dispozisyon nan Kòd sa a oswa nan nenpòt lòt akò avèk konpayi an oswa politik konpayi an kòm yon dispozisyon ki entèdi Moun ki Konsène aktyèlman oswa nan tan pase pou kominike, kolabore oswa soumèt yon akizasyon oswa yon plent nan Komisyon Sekirite ak Echanj lan oswa nan nenpòt lòt antite gouvènmantal oswa antite ki la pou aplike lalwa konsènan ka kote yo ta sispèk yon moun vyole nenpòt egzijans legal oswa règlemantè, oswa li ta divilge enfòmasyon, kote li founi tou dokiman oswa lòt enfòmasyon bay yon antite gouvènmantal ki pwoteje konfòmeman ak dispozisyon ki lye ak lansè dalèt nan nenpòt lwa oswa règleman ki aplikab la san li pa enfòmasyon konpayi an ni jwenn apwobasyon li, a kondisyon ke (i) enfòmasyon sa yo ke moun nan ta kominike e divilge yo konfòm ak lalwa ki aplikab la epi (ii) enfòmasyon li te divilge a se pa t nan kad yon kominikasyon sekre pwofesyonèl ant avoka ak kliyan ke li te jwenn li (sof si yon avoka ta otorize divilgasyon enfòmasyon sa yo konfòmeman ak lwa federal ki aplikab la, règ konduit avoka yo oswa lòt dispozisyon). Nou p ap limite dwa pou pyès Moun ki Konsène aktyèlman oswa nan tan pase pou resevwa rekonpans poutèt yo te founi enfòmasyon konfòmeman ak dispozisyon ki lye ak lansè dalèt yo nan nenpòt lwa oswa règleman ki aplikab la bay Komisyon Sekirite ak Echanj lan oswa bay nenpòt lòt ajans gouvènmantal. Nou konsidere, nan dokiman sila a, ke tout dispozisyon nan nenpòt akò ki fèt ant konpayi an ak nenpòt Moun ki Konsène aktyèlman oswa nan tan pase ki pa konsistan avèk enfòmasyon ki endike anwo yo oswa ki ka limite kapasite yon moun pou l resevwa yon rekonpans konfòmeman ak dispozisyon legal aplikab ki lye ak lansè dalèt yo, kòm envalid epi konpayi an p ap aplike yo.



Konfli Enterè

Nou gen devwa pou n aji nan meyè enterè Medline olye de pwòp enterè pa nou, enterè yon zanmi oswa yon manm fanmi oswa enterè moun ki fè pati yon lòt òganizasyon, sitou si se yon òganizasyon konkiran. Gen “konfli enterè” lè enterè pèsònèl nou, lwayote nou oswa relasyon nou afekte defason ki pa apwopriye, oswa sanble l ap nwi, enterè Medline yo. Kèk egzanp se:

- Lè w ap travay avèk manm fanmi w oswa yon moun ke w gen yon relasyon pèsònèl pwòch avèk li.
- Lè w aksepte oswa pran lòt travay ki ka afekte kapasite w pou efekte travay ou oswa pou aji nan meyè enterè konpayi a. Sa gen ladann, lòt travay ekstèn ou fè pou yon vandè, kontraktè, founisè, patnè komèsyal oswa yon konkiran Medline oswa nenpòt nan biznis li yo.
- Pwofite de opòtinite komèsyal ki kapab enterese Medline ke w te aprann de yo nan kad travay ou nan Medline, oswa avèk òganizasyon ki ka petèt nan konkirans avèk nou oswa ki ka petèt fè biznis avèk nou.
- Fè investisman finansyè pèsònèl oswa gen yon relasyon pèsònèl pwòch avèk yon moun ki gen yon gwo enterè finansyè nan nenpòt òganizasyon k ap fè biznis, oswa ki an konkirans, avèk Medline.

Fason nou evite oswa jere konfli enterè a se lè nou divilge san pèdi tan, atravè mwayen ki apwopriye yo, tout sa ki ta kapab reprezante oswa ki parèt reprezante yon konfli enterè. Moun ki Konsène yo dwe evite menm sa ki *parèt* yon konfli enterè.

Resous

Enterprise Policy: Conflicts of Interest

Opòtinite Antrepriz

Moun ki Konsène yo gen obligasyon anvè konpayi an pou yo fè avanse enterè lejitim li yo lè okazyon pou yo fè sa a prezante. Nou pa dwe janm kache ni pwofite pèsònèlman de opòtinite nou te rive kreye oswa dekouvri nan itilize byen oswa enfòmasyon Medline ni nan kad pòs nou nan Medline. Epitou, Moun ki Konsène yo pa dwe janm antre an konkirans avèk Medline ni itilize byen, enfòmasyon Medline oswa pòs li nan Medline pou pwofite pèsònèl.

Resous

Enterprise Policy: Conflicts of Interest

Konduit Konkiransyèl

Nou ankouraje yon konkirans lib e san patipri. Nou p ap janm diskite sou pri, kliyan yo oswa kontra lavant yo avèk konkiran nou yo. Nan tout relasyon nou antreprann avèk kliyan, konkiran, distribitè ak founisè nou yo, nou pran prekosyon pou n evite tout aranjman oswa akò ki limite kapasite nou pou n fè konkirans ak lòt òganizasyon. Moun ki Konsène yo dwe evite tout aktivite ki menm parèt restrenn konkirans. Nou fè maketing pou pwodui ak sèvis nou yo epi nou distribiye yo defason ekkitab epi nou evite tout sa ke nou ta ka konsidere kòm anti-konkiransyèl. Epitou, nou rete ekkitab e reyèl lè n ap fè kèlkeswa deklarasyon konsènan yon konkiran nou, sitou lè n ap konpare pwodui ak sèvis pa yo ak pa nou yo. Nou pa fè fo deklarasyon ni deklarasyon ki vize pou twonpe moun konsènan konkiran nou yo.

Resous

Enterprise Policy: Antitrust and Fair Competition

Peman Ilisit

Nou entèdi pratik grese pat la sou tout fòm e nan tout lokal ak tout operasyon kote Medline ap fè biznis, kit se nan kad kilti oswa tradisyon komèsyal ki diferan. Nan tout entèraksyon nou avèk pwofesyonèl swen sante, reprezantan gouvènman ak aktè prive yo, nou adopte sèlman pratik komèsyal ki etik. Sikse nou repoze sou kalite pwodui nou yo, sèvis nou yo ak pèsònèl nou an. Nou pa chèche jwenn avantaj nan grese pat oswa fè komisyon an kachèt ni nan itilize lòt mwayen ki pa etik oswa ki ilegal. Nou pa bay okenn objè de valè, tankou kado, ospitalite, divèstisman oswa vwayaj, bay pyès moun nan objektif pou enfluyans nanpòt aksyon oswa desizyon, pou n kapab antame oswa kontinye fè biznis ni nou pa sekirize okenn avantaj pou pyès rezon pase yon rezon komèsyal lejitim. Moun ki Konsèn yo dwe evite menm sa ki *parèt* yon konduit ki pa apwopriye.

Resous

- Enterprise Policy: Anti-bribery and Anti-corruption
- Enterprise Policy: Global Conflicts of Interest
- Enterprise Procedure: Engaging HCP's and Government Officials
- Enterprise Policy: Corporate Credit Card Usage
- Enterprise Procedure: Expense Reimbursement

Komès Entènasyonal

Medline ankouraje komès lib nan objektif pou l sipòte kliyan nou yo toupatou nan mond lan. Nan sans sa a, nou pran angajman pou n konfòme nou ak lwa sou komès entènasyonal ki aplikab yo, ki gen ladan yo mezi kontwòl sou enpòtasyon ak ekspòtasyon, sanksyon ekonomik ansanm ak lwa anti bòykotaj. Règleman ki lye ak komès entènasyonal yo konplèks, epi chak grenn nan nou ki patisipe nan aktivite komèsyal entènasyonal nan Medline gen responsablite pou n konprann epi asire ke nou asime responsablite nou yo nan peyi kote n ap fè biznis yo.

Pratik Maketing

Nou fè konkirans nan biznis defason lib e onèt. Tout moun ki patisipe nan fè piblisite ak maketing pou pwodui ak sèvis nou yo dwe asire yo ke materyèl maketing ak etikèt nou yo veridik, klè, epi, si yo de nati teknik oswa syantifik, pou gen done ki sipòte yo. Epitou, nou pran angajman pou n asire n ke materyèl maketing ak etikèt pwodui nou yo konfòm ak tout egzijans règlemantè ki aplikab yo.





Kominikasyon Ekstèn

Nou kenbe yon kominikasyon ekstèn ki konsistan, ponktyèl e pwofesyonèl sou kesyon ki konsène Medline. Nou itilize yon vwa ki klè ki enspire konfyans nan pwodui ak sèvis nou yo epi ki prezante konpayi nou an nan meyè fason ki posib la. Nou rete onèt e ekritab nan kad kominikasyon nou. Se sèlman moun ki otorize yo ki kapab reponn demann medyatik yo oswa pran lapawòl an piblik nan non Medline.

Konfidansyalite Done

Yo konfye Medline enfòmasyon konfidansyèl, tankou done pèsònèl, kliyan nou yo, anplwaye nou yo ansanm ak lòt moun nou gen entèraksyon avèk yo. Nou jere, trete, e sekirize tout enfòmasyon konfidansyèl yo avèk swen, kit yo gen rapò ak manm pèsònèl Medline yo oswa operasyon li yo, kliyan nou yo (oswa pasyan ak manm li yo), vandè nou yo oswa nenpòt lòt òganizasyon oswa moun. Pandan biznis nou an vin deplizanpli depann de done, ikonpri done pèsònèl epitou ke se done ki dirije li, li esansyèl pou n konprann ansanm règ ki gouvène kategorizasyon, tretman, itilizasyon ak divilgasyon done yo. (Moun ki Konsène yo dwe pran mezi ki apwopriye, tankou sekirize dokiman, limite aksè ak òdinatè ak medya elektwonik, ansanm ak metòd eliminasyon ki apwopriye, pou anpeche moun gen aksè ki pa otorize ak enfòmasyon konfidansyèl yo.)



Resous

Enterprise Policy: Global Privacy Standards

Enterprise Policy: Global Acceptable Use

Sibèsekirite

Antanke yon konpayi, Medline dwe prepare l pou l reyaji fas ak tout ka aksè, akizisyon, itilizasyon, divilgasyon, modifikasyon oswa destriksyon ki pa otorize pou Enfòmasyon Medline oswa Resous Teknoloji Enfòmasyon yo (“Ensidan Sekirite Done”) nan objektif pou pwoteje Enfòmasyon Medline, Resous Teknoloji Enfòmasyon li yo, operasyon li yo, repitasyon li ansanm ak Pati ki Afekte yo.

Tout moun nan Medline gen responsablite pou yo pwoteje done ak rapòte tout ka potansyèl oswa ka kote yo sispèk gen Ensidan Sekirite Done ki pwodui. Kèk ezganp ka kote ensidan sa yo pwodui se lè yo voye imèl ki gen enfòmasyon konfidansyèl ladan yo bay move moun nan; lè moun ki pa otorize gen aksè ak fichye konfidansyèl yo; vyolasyon potansyèl sekirite sistèm founisè sèvis oswa lòt patnè komèsyal yo; lyen entènèt enkonni ke w te louvri ki ka petèt te transmèt viris ranson-lojisyèl oswa pwogram malveyan bay aparèy ou a oswa bay Teknoloji Enfòmasyon Medline lan; oswa itilizasyon oswa divilgasyon idantifyan non itilizatè/modpas defason ki pa apwopriye.

Tout moun gen responsablite pou yo rapòte tout ka potansyèl oswa ka kote yo sispèk gen Ensidan Sekirite Done ki pwodui atravè Pòtay Lib Sèvis Asistans Enfòmatis IS Medline lan oswa Fòmilè pou Rapòte Ensidan Done a oswa lè w kontakte Sèvis Asistans lokal ou a.

Rezo Sosyal

Nenpòt sa nou poste sou rezo sosyal yo ki gen rapò ak Medline, menm si enfòmasyon sa a ta de nati pèsònèl, sa afekte biznis, mak ak repitasyon konpayi an. Antanke anplwaye ak reprezantan nan Medline, lè n ap kominike sou entènèt la, nou dwe fè sa nan respè youn pou lòt. Nou pa fè entimidasyon ni asèlman, nou pa itilize betiz ni nou pa fè remak ki kapab pote diskriminasyon sou baz ras, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, relijyon oswa nenpòt lòt estati ke lalwa pwoteje. Nou respekte pwopriyete entèlektiyèl epi nou pa afiche kontni ke dwa dotè pwoteje. Nou pa afiche anyen ki ka petèt konfidansyèl.

Nou klè tou lè n ap ekspriye opinyon pèsònèl nou epi nou pa janm sijere ke n ap pale nan non Medline. Nou pa kreye kont sou rezo sosyal kote n ap itilize mak Medline lan pou n kominike avèk kliyan yo nan non konpayi an. Nou jwenn apwobasyon Kominikasyon Antrepriz yo avan nou itilize kont ki gen mak Medline oswa mak pwodui Medline.



Resous

Enterprise Policy: Social Media

Entèlijans Atifisyèl

Nou itilize zouti Entèlijans Atifisyèl (AI) yo defason responsab, sèlman lè sa otorize klèman e konfòmman ak politik nou yo. AI se yon teknoloji ki kreye modèl pou jenere tèks, imaj, kòd enfòmasyon anvan ak lòt done. AI kapab ede nou fè travay nou defason pi rapid e pi efikas, men se sèlman lè nou gen otorizasyon apwopriye pou n fè sa. Nan domèn swen sante, teknoloji a kapab ede pwofesyonèl swen sante yo dyagnostike maladi, kontwòle sante pasyan an ak konplete tach administratif yo. AI founi rezilta ki parèt fyab e otoritè, men si w gen otorizasyon pou itilize li nan kad travay ou, sonje limit li ak danje potansyèl li prezante yo. Nou pa janm antre enfòmasyon konfidansyèl ni enfòmasyon pwopriyete sou pyès zouti AI san nou pa jwenn otorizasyon eksplisit.



Resous

Enterprise Policy: Global Acceptable Use

Jesyon Enfòmasyon ak Dosye

Enfòmasyon ak dosye biznis Medline yo reprezante aktif esansyèl ki kaptire memwa enstitisyonèl, ede nou atenn objektif komèsyal nou yo epi mentni konfòmite avèk obligasyon legal ak règlemantè yo. Nou gen yon responsablite an komen pou n byen jere tout enfòmasyon sou papye ak enfòmasyon sou fòm elektwonik, ki gen ladan yo kominikasyon tankou imèl, konfòmman ak politik nou yo, kalandriye konsèvasyon anvan ak egzijans lokal nou yo. Avan yo detwi enfòmasyon ak dosye nou yo, Moun ki Konsène yo dwe asire ke yo te respekte peryòd konsèvasyon dosye a e ke pa gen okenn aksyon an jistis ki egzije pou n konsève dosye yo, menm si yo pwograme pou yon destwiksyon sistematik.

Sa rive pafwa pou Medline patisipe nan yon odit, ankèt oswa yon lòt afè jiridik ki egzije pou nou konsève sèten enfòmasyon odela de kalandriye konsèvasyon dosye nou an ki pibliye a. Nan ka sa yo, y ap voye avi konsènan konsèvasyon dosye yo bay moun yo pa imèl anvan avèk enstriksyon sou kòman pou yo konfòme yo. Si w resevwa yon avi konsènan konsèvasyon dosye, ou pa dwe ni modifiye ni detwi enfòmasyon ki pètinan yo toutotan yo pa leve avi konsèvasyon an.



Resous

Enterprise Policy: Global Acceptable Use

Enterprise Policy: Corporate Records Management

Enterprise Procedure: Corporate Record Retention Schedule



02 Ekselans

Se kilti ekselans nou an
 k ap dirije avni Medline.
 Ekselans soutni angajman
 pwofon nou nan reponn
 ak divès bezwen konplèks
 e kontini rezo kliyan
 mondyal divèsifye nou an.



Angajman Nou

Angajman nou anvè ekselans se nivo sa a nou fikse pou tèt nou. Se potomitan repitasyon Medline pou n kapab vrèman konprann bezwen kliyan nou yo, epi pou n kapab founi yo divès kalite pwodui ak sèvis ki apwopriye pou n ka reponn ak bezwen sa yo. Se devouman enfatigab nou anvè kalite ak sekirite. Nou onore angajman sa a avèk yon preferans pou aksyon, yon santiman solid pou ijans ansanm ak responsablite pou n ede kliyan nou yo amelyore rezilta klinik, finansyè ak operasyonèl yo.

Sekirite Pasyan yo

Medline founi plis pase 300,000 pwodui swen sante nan tout pwèn pou swen yo. Atik sa yo jwe yon wòl esansyèl nan dyagnostik ak trete maladi epi yo varye ant founiti medikal komen yo rive nan aparèy ki pi anvayisan yo. Preyokipasyon prensipal nou se sante ak sekirite pasyan yo, pwofesyonèl swen sante yo ansanm ak tout moun k ap bay swen yo. Nou rekonèt ke pou n kapab pwoteje kliyan nou yo ansanm ak kominote swen sante a, sa mande yon angajman anvè ekselans.

Medline fè pwomosyon ak maketing pou pwodui yo sèlman nan fason ki konfòm ak règleman ansanm ak nòm federal ak entènasyonal ki aplikab yo. Nou pa ankouraje itilizasyon ki pa apwouve ni itilizasyon ki pa konfòm ak enstriksyon ki nan etikèt pwodui a.

Si ta vin gen nenpòt enkyetid konsènan sekirite yon pwodui, n ap evalye li epi siyale l, jan sa nesèsè, bay otorite sante piblik ak règlemantè ki la pou sa yo.





Kalite Pwodui ak Sèvis

Nou rekonèt wòl esansyèl ke pwodui ak sèvis nou yo jwe nan founi swen sante nan tout pwen pou swen yo, epi nou sonje responsablite sa a lè n ap achte, pwodui ak founi yon pakèt pwodui ak sèvis. Konsantrasyon nou mete sou konsistans ak ekselans osant angajman nou anvè kliyan nou yo.

Konfòmite ak Règleman yo

Se ajans gouvènmantral yo ki estrikteman règleman pwosesis sekirite pwodui nou yo nan objektif pou ankouraje yon pwodiksyon kalite siperyè ki konsistan epi pou priorize sante pasyan an. Nou mentni divès sistèm jesyon kalite ki solid ki fèt pou satisfè tout règleman ansanm ak nòm sou konfòmite ki aplikab yo ke Administrasyon pou Aliman ak Medikaman peyi Etazini an (Food and Drug Administration), omològ entènasyonal li yo ansanm ak lòt òganis règlemantasyon menm jan ki nan peyi kote nou fonksyone yo etabli yo. Epi tou, ansanm pratik nou itilize konsènan fason nou mete etikèt sou pwodui nou yo ak fason nou fè pwomosyon pou yo a dwe respekte tout lwa ki aplikab yo, kit se nan peyi Etazini kit se onivo entènasyonal, epi yo dwe fèt pou yo founi enfòmasyon ki klè, egzat epi ki konsistan pou kliyan yo, founisè yo ansanm ak pasyan yo.

Pwoteksyon Aktif yo

Aktif nou yo se batiman nou yo, ekipman ak founiti nou yo, ansanm ak enfòmasyon, finans, pwopriyete entèlektyèl ansanm ak sistèm kominikasyon nou yo. Nou dwe itilize aktif sa yo avèk prekosyon pou n kapab asire n ke n ap itilize yo defason efikas ak pou n pwoteje yo kont domaj, gaspiyaj, move itilizasyon ak vòl.

Nou itilize aktif Medline yo sitou nan kad tranzaksyon komèsyal ki lejitim kote nou pa vrèman itilize yo pou rezon pèsònèl. Sonje ke tout sa w di oswa ekri nan kad travay ou oswa pandan w ap itilize pwopriyete nou an oswa sistèm nou yo kapab sou kontwòl, sof si lalwa mete restriksyon sou sa.

Pwopriyete Entèlektyèl

Pwopriyete entèlektyèl la fè referans ak tout envansyon lespri ke yon moun oswa yon òganizasyon kapab revandike ke se pwopriyete li ye. Aktif sa yo se dwa dotè, brevè, mak depoze ansanm ak sekre komèsyal.

Nou asire n ke nou gen otorizasyon apwopriye pou travay ki pwoteje anba dwa dotè yo ak pou envansyon ki patante yo menm avan nou fè kopi yo oswa itilize jan de zèv oswa envansyon sa yo. Zèv ekri, videyo, grafik ansanm ak lòt kalite zèv yo kapab pwoteje anba dwa dotè menm si yo disponib gratis sou entènèt la, kit genyen, oswa pa genyen, yon notifikasyon sou dwa dotè. Nou itilize non, logo ansanm ak eslogan ki se mak depoze Medline ansanm ak lòt konpayi yo konfòmman ak dwa eksklizif ki lye ak mak sa yo.

Nou pwoteje sekre komèsyal Medline ansanm ak lòt konpayi yo pandan nou pataje enfòmasyon sa yo sèlman ak moun ki alafwa gen nesosite lejitim pou yo konnen enfòmasyon yo epi ki gen obligasyon legal, atravè akò ki entèdi divilgasyon yo (NDA yo), pou kenbe sekre a konfidansyèl.

Jesyon Risk

Jesyon risk la se yon eleman esansyèl pou favorize yon kilti entegrite ak konpòtman etik nan Medline. Pratik sa a mande pou nou idantifye, evalye, epi diminye defason pwo-aktif tout risk nou konnen oswa tout risk potansyèl ki kapab afekte valè, operasyon oswa repitasyon Medline. Apwòch sa a founi pwoteksyon kont domaj sou plan legal, finansyèl ak sou plan repitasyon, pandan li ankouraje yon espas travay ki responsab epi ki respekte nòm etik. Nou ankouraje anplwaye yo pou yo toujou patisipe nan konvèsasyon avèk kòlèg yo ansanm ak ekip jesyon an nan objektif pou rive idantifye, abòde ak jere risk, ak pou aprann tou kòman pou yo siyale pwoblèm risk potansyèl yo.



03 Kominote

Kilti kominote nou an relye tout aspè biznis nou yo. Kominote se baz angajman nou anvè youn lòt, anvè kliyan nou yo ak anvè mond ki antoure nou an. Se sa ki kreye relasyon dirab ki se baz repitasyon nou an.



Devouman Nou

Medline egziste nan objektif pou reponn ak bezwen kliyan nou yo, pasyan nou yo ansanm ak bezwen youn lòt nan entegrite ak ekselans. Se devouman enfatigab nou anvè kominote ki divèsifye e konekte nou an ki fè Medline diferan. Se sa ki kreye repitasyon nou ak objektif nou pou n kontinye gen siksè.

Travay ann Ekip

Nou konnen ke devouman anvè satisfaksyon kliyan ke nou egzije a depannde travay ann ekip nan mitan sila yo k ap travay pou nou oswa avèk nou yo. Se poutèt sa, mentni respè youn pou lòt, se yon eleman esansyèl pou reyisit nou. Travay ann ekip la vle di rekonèt ke reyisit nou pa depannde sèl nou menm. Konesans ak konpetans nou yo baze sou konesans ak konpetans kòlèg nou yo ak konpayi an defason jeneral.

Fòmasyon Anplwaye

Nan Medline, nou rekonèt ke pi gwo aktif nou se manm nou yo, epi nou vrèman pran angajman pou n ede yo reyisi ak kontinye fè pwogrè. Ekip fòmasyon ki devwe nou an ofri yon pakèt pwogram fòmasyon konplè, soti nan amelyore konpetans moun rive nan bay fiti dirijan yo jarèt pandan n ap founi yo eleman jesyon debaz yo. Inisyativ sa yo vize pou ekipe anplwaye nou yo pou yo kapab eksele nan pòs yo okipe yo epi pou yo kapab pouswiv karyè alontèm ki satisfèzan nan Medline. Pandan n ap investi nan mendèv nou an, nou ede yo kiltive nouvo konpetans, dekouvri potansyèl yo ak kreye chimen pou avansman pwofesyonèl, pandan nou reyafime angajman nou anvè reyisit yo ansanm ak avni nou genyen an komen an.

Yon Anviwònman Travay ki San Danje epi ki Bon pou Sante Tout Moun

Nou mentni yon espas travay ki san danje epi ki bon pou sante tout moun pandan nou konfòme nou avèk tout lwa ki aplikab yo, pandan nou rete vijilan pa rapò ak risk sekirite yo, pandan nou konfòme nou avèk tout règ sekirite ki lye ak espas travay la ak pandan nou rapòte tout ensidan nou viv oswa detekte. Nou siveye si pa gen danje epi nou toujou swiv pwosedi sekirite yo epi nou itilize ekipman sekirite ki apwopriye.

Nou pa janm travay sou efè alkòl oswa dwòg. Nou pa otorize nonplis konsomasyon kèlkeswa medikaman ki kapab afekte kapasite nou pou n fè travay an tout sekirite.

Nou pa tolere zak oswa menas vyolans ni konpòtman entimidan. Sa gen ladann, itilizasyon jès oswa langaj ki endike betiz, ki abizif oswa ki menasan. Nou ranfòse prensip Speak Up la epi nou pwoteje youn lòt kont vyolans, kit sa konsène kòlèg yo, kliyan yo, ansyen kòlèg oswa moun k ap vizite etablisman nou yo.



Enpòtans Kliyan yo

Nou fyè de pwodui ak sèvis nou yo e nou fyè tou de kapasite nou pou n founi meyè valè ki posib la pou kliyan nou yo. Nou fè sa avèk yon santiman ijans pandan nou rekonèt tout enpòtans kliyan nou yo genyen pou Medline.

Nou rive bati yon repitasyon ekselans nan koute kliyan nou yo, nan fè biznis defason ekkitab avèk yo ak nan fè jefò pou n konprann bezwen ak objektif yo. Se atant sa a kliyan nou yo rive genyen de Medline, epi nou pa desevwà yo.

Vandè ak Distribitè

Nou devlope divès relasyon ki kolaboratif, san patipri epi ki efikas avèk vandè ak distribitè nou yo. Gen yon lyen esansyèl ant kliyan nou yo ak kle reyisit nou. Nou rekonèt fason yo kontribye nan bati repitasyon ekselans Medline lan.

Santiman Apatenans

Nan Medline, nou pran angajman pou n kreye yon kilti apatenans kote tout anplwaye santi nou apresye kontribisyon yo, nou sipòte devlopman yo epi kote yo santi yo konekte ak kòlèg yo. Pandan nou adopte divès kalite pèspektiv, pandan n ap aji defason enklizif ak pandan n ap founi zouti ak resous pou reyisit, nou pèmèt ekip nou yo bay meyè de yo menm. Sa pa sèlman ranfòse mendèv nou men li estimile tout inovasyon epi li founi pi bon solisyon pou kliyan nou yo. Pou n pi klè, nou vle pou chak moun santi yo alèz e ke yo byen akeyi yo lè yo pote kalite inik yo ak meyè vèsyon de yo menm nan travay la chak jou.



Diskriminasyon, Asèlman ak Entimidasyon

Nou dirijie avèk respè epi nou founi opòtinite egal nan zafè anplwa, nou pa janm tolere diskriminasyon ni asèlman sou baz ras, kwayans, koulè, zanzèt, relijyon, laj, oryantasyon seksyèl, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, orijin nasyonal, estati sitwayènte, andikap fizik oswa mantal, gwosès (sa gen ladan l akouchman, alètman ansanm ak lòt pwoblèm medikal ki lye yo), enfòmasyon jenetik (sa gen ladan l karakteristik ak tès), estati ansyen konbatan, estati manm ann inifòm ki an sèvis oswa nenpòt lòt karakteristik ke lalwa ki aplikab la pwoteje yo.

Nou pa tolere pyès fòm asèlman, tankou kèlkeswa tip entimidasyon an oswa konduit tankou kòmantè, blag oswa jouman ki deplase, oswa nenpòt tip langaj oswa grafik ki sible nenpòt karakteristik ke lwa ki entèdi entimidasyon yo pwoteje, oswa nenpòt lòt moun.



Rezilyans Klimatik ak Aksyon Anviwònmantal

Pa gen anpil endistri ki gen yon lyen natirèl ak anviwònman an menm jan ak endistri swen sante a. Pandan ke lòt sektè yo ka pa remake ijans chanjman klimatik la, lopital yo ansanm ak sistèm sante yo remake enpak sa genyen sou pasyan yo ak sou kominote y ap desèvi yo chak jou. Se nan sans sa a, Medline pran angajman pou l entegre dirabilite anviwònmantal nan fason nou devlope ak fè biznis nou evolye, nan fason nou desèvi kliyan nou yo ak nan fason nou sipòte pasyan yo ak kominote yo.

Nan kad angajman sa a, nou vize diminye dechè nan pwodui ak anbalaj nou yo, nou vize entegre plis materyèl ki dirab ak amelyore nivo efikasite operasyon nou yo. Nou pran angajman tou pou n ede kliyan nou yo atenn pwòp objektif yo konsènan dirabilite.

Nou toujou ap chèche diminye anprent kabòn epi nou toujou ap chèche ogmante pwodui ki dirab nou yo. Nou prevwa tou kontinye envesti nan teknoloji nan objektif pou n amelyore efikasite enèji, pou n pase a yon enèji ki renouvlab epi pou n diminye eleman polisyon k ap degaje yo.

Resous

Enterprise Policy: Environmental Sustainability Report

Dwa Moun ak Seleksyon Responsab Founisè yo

Medline pran angajman pou l respekte dwa fondamantal yo pandan tout operasyon nou ak nan chèn apwovizyonman nou. Nou pa tolere okenn vyolasyon dwa moun, tankou fè timoun travay, fè moun fè travay fòse, esklavaj modèn ak trafik moun. Nou toujou ap kontwòle risk nan pwòp operasyon nou yo ak nan operasyon patnè fabrikasyon nou yo. Nou enpoze menm nòm elve ke nou fikse pou tèt nou sou patnè fabrikasyon nou yo. W ap jwenn [Ethics & Compliance Reporting Line](#) nou an disponib pou tout pati konsène nou yo, ni sa ki entèn ni sa ekstèn nan Medline, kòm mwayen pou rapòte tout enkyetid ou genyen konsènan dwa moun.

Resous

Medline Supplier Code of Conduct

Don Charite

Nou sousye n de kominote n ap desèvi yo epi nou pote kontribisyon nou atravè don charite. Medline fè don charite bay òganizasyon ki pa travay pou fè pwofi yo toupatou nan mond lan. Nou kolabore tou avèk òganizasyon asistans entènasyonal yo nan objektif pou n bay tout sipli pwodui nou genyen oswa pwodui ke nou pa itilize sou fòm don. Nou respekte politik, pwosedi ansanm ak règleman ekstèn nou lè n ap fè don charite sou nenpòt fòm nan non Medline.

Angajman Politik ak Politik

Nou ankouraje tout moun pou yo patisipe nan pwosesis politik la, men se yon bagay ou dwe fè lè w gen tan pou sa ak pwòp lajan nan pòch ou. Nou dwe kenbe vizyon ak aktivite politik pèsònèl nou separe de asosiyasyon nou avèk Medline. Se pou yo pa melanje ak vizyon ak aktivite politik konpayi an.

Se rezon sa a ki fè Medline p ap bay ranbousman pou don politik. Responsab yo pa dwe janm mande anplwaye yo pou yo fè don politik ni yo pa dwe pouse yo pou yo sipòte sèten kandida. Si w ap patisipe nan yon pwosesis politik, pa janm itilize etablisman, tan travay oswa fon Medline, epi klarifye ke vizyon ak kwayans politik ou eksprime yo angaje ou menm sèlman men yo pa angaje Medline.

Responsablite Antrepriz

Angajman kominotè nou an konsantre sou kominote kote anplwaye nou yo ap viv ak travay. Nan plizyè nan kominote sa yo, Medline reprezante pi gwo anplwayè lokal yo. Nou rekonèt sa vini avèk responsablite pou n bay sipò ak ankourajman. Nan objektif pou n sipòte kominote nou yo, nou konsantre n sitou sou sikonstans ki afekte kapasite yon moun pou li rive jwenn aksè swen medikal ki adekwa.



Egzanpsyon

Medline pral akòde demann pou egzante yon eleman nan Kòd nou an sèlman nan sikonstans ki ekstrèmman ra yo. Ou dwe soumèt nenpòt demann ki konsène yon egzansyon konsa bay Chèf Konfòmite a pou li kapab revize demann lan. Se sèlman Chèf Konfòmite a ki otorize pou akòde nenpòt demann egzansyon ki fèt, sof ke nenpòt demann egzansyon ke yon direktè oswa yon dirijan fè dwe pase tou anba revizyon Konsèy Administrasyon Medline lan (oswa yon komite Konsèy la ki apwopriye) epi yo dwe kominike sa bay aksyonè yo rapidman jan lalwa ki aplikab la oswa règ sou kotasyon bous yo egzije sa a.

04 Resous Konpayi



Enfòmasyon Kontak Siplèmantè

Kontak	Enfòmasyon
Europe Legal & Compliance Office	Telefòn: +31 26 312 7243 Imèl: eucompliance@medline.com Pa Lapòs: Medline International B.V., Catharijnesingel 47, 3511 GC Utrecht, The Netherlands
LATAM Compliance Office	Medline México S.A. de CV: Torre de los Parques, Magnolias 1196-Piso 12-02, Tlacoquemecatl del Valle, Benito Juárez, 03200 Ciudad de México, CDMX
Australia Legal & Compliance Office	Pa Lapòs: 2 Fairview Place, Marsden Park, NSW, Australia, 2765
Japan Legal & Compliance Office	Imèl: JPComplianceOffice@medline.com 〒: 112-0002 1-4-1 Koishikawa, Bunkyo-ku, Tokyo Sumitomo Fudosan Korakuen Building 15F
Global Chief Compliance Officer	Telefòn: +1 847-949-5500 epi mande pou pale ak Office of Ethics & Compliance lan Pa Lapòs: Medline Inc., 3 Lakes Drive, Northfield, IL 60093 USA
U.S. Office of Ethics & Compliance	Imèl: ComplianceOffice@medline.com
Ethics & Compliance Reporting Line	Sitwèb: https://medline.ethicspoint.com 

Nimewo Telefòn Speak Up yo*

Peyi	Nimewo Telefòn	Peyi	Nimewo Telefòn
United States of America	1-866-833-3450	New Zealand	0800 527 507
Australia	1800 490 515	Norway	800 62 575
Austria	0800-017933	Pakistan	00800 900 44510
Belgium	0800 76 264	Panama	507 839-2818
Canada	833-908-7796	Poland	800 005 055
Chile	800 914 573	Portugal	800 181 349
China	400 120 0849	Puerto Rico	866-833-3450
Colombia	01-800-5189501	Saudi Arabia	800 850 0310
Costa Rica	800-032-0053	Singapore	800 492 2586
Czech Republic	800 701 376	Slovak Republic	0800 002 598
Dominican Republic	809-200-1692	Slovenia	0800 688947
Egypt	015 01692175	South Africa	080 098 2758
France	0 800 90 91 33	South Korea	00798-142-030-156
Germany	0800 1803977	Spain	900 997 985
Guatemala	2300 9354	Sweden	020-089 00 27
India	000 800 9190 947	Switzerland	0800 121 103
Ireland	1-800615403	Taiwan	00801-13-7956
Italy	800 727 456	Thailand	1800 013 244
Jamaica	1-844-972-4730	The Netherlands	0800-0230144
Japan	0800-123-7151	Trinidad and Tobago	868-217-6067
Luxembourg	800-2-1157	United Arab Emirates	800 0320976
Malaysia	1-800-81-9671	United Kingdom	0 808 196 5742
Malta	80062420	Vietnam	1800 400112
Mexico	800 681 8204		

*Tanpri, ajoute kòd rejyonal kote w ye a si w pa nan peyi kote w ap rele a

